

Itilize rezo sosyal lè ou pa yon sitwayen Ameriken

Pa Nisa Ibrahim

ENTWODIKSYON

Tout moun ki pa sitwayen ta dwe konnen ke gen moun nan gouvènman an ki ka siveye nenpòt sa yo fè sou entènèt e sa ka gen yon enpak sou estati imigrasyon yo Ozetazini.

SA SA VLE DI

Jan American Civil Liberties Union/ Inyon libète sivil Ameriken (ACLU) [rapòte](#) sa, administrasyon Biden–Harris lan elaji pwogram ki te deja egziste pou siveye rezo sosyal ak lòt aktivite entènèt imigran yo. Malgre ke ajans gouvènmantal yo itilize pwogram sa yo pou investigasyon ki gen rapò ak sekirite nasyonal, sa ka fè yo gen move jijman ak sipozisyon ke ou se yon kriminel ki ka mete anpil moun ki pa sitwayen an danje. An patikilye, U.S. Department of Homeland Security/Depatman Sekirite Entèn nan (DHS) [fouye ak kenbe enfòmasyon](#) ki gen rapò ak kont rezo sosyal moun ki pa sitwayen yo, yo mete enfòmasyon sa yo nan dosye imigran yo e yo ka itilize sa pou detèmine kalifikasyon yo pou benefis imigrasyon ak U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) oswa nan tribinal imigrasyon.

Sa te rive nan ka yon etidyan [Harvard ke yo te refize bay viza](#) akòz sa yo te jweenn lè yo te fè yon investigasyon sou sa ki te nan mesaj zanmi l yo sou rezo sosyal, ka genyen gwo konsekans akòz siveyans sou entènèt.

KI MEZI OU DWE PRAN

Konsidere egzistans pwogram siveyans sa yo, tout moun ki pa sitwayen ta dwe okouran de kisa yo mete sou kont rezo sosyal yo. Sa vle di yo ta dwe pridan avèk sa yo poste, men tou sou lòt pòst, tweets, ak lòt bagay yo renmen, reposte oswa re-tweete, oswa entèaji avèk. Sa enpòtan anpil tou avèk tout kont piblik yo entèaji avèk sou entènèt.

Kèk konsèy enpòtan pou sonje:

- Kenbe tout kont rezo sosyal yo prive. *Sonje, sa pa anpeche yo pa jwenn aksè total a kont lan paske kèk rezo sosyal kolabore ak lapolis pou bay aksè a kont prive itilizatè yo si, pa egzanp, gen yon manda.
- Fè atansyon ak sa ou ap poste sou entènèt oswa entèaji avèk sou kont rezo sosyal ou yo. Mande tèt ou si pòs ou yo ta ka parèt kòm si ou enplike nan aktivite kriminel oswa nenpòt lòt asosiyasyon negatif.
- Fè atansyon a nenpòt paj piblik oswa kont ou entèaji avèk ki ka vizib pou gouvènman ofisyèl yo k ap chèche enfòmasyon sou ou sou entènèt.
- Pa aksepte demann zanmi nan men moun ou pa konnen.
- Pa poste imaj dokiman ki gen rapò ak imigrasyon sou entènèt. Dokiman sa yo souvan gen enfòmasyon pèsonel ou ke w ta dwe pwoteje.

Kòm yon moun ki pa sitwayen, li enpòtan pou w reflechi sou fason ou itilize rezo sosyal pou evite nenpòt risk sou estati imigrasyon ou Ozetazini.

